



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, NÈF LÒT GOUVÈNÈ PIBLIYE YON LÈT BAY LIDÈCHIP
KONGRÈ A POU REKÒMANDE ADOPSYON AKSYON SOU KLIMA KI EFIKAS**

***Lèt la rekòmande Kongrè a pou priyore eleman prensipal Ajanda Rekonstwi Pi
Byen Prezidan Biden lan pou pwoteje klima a***

***Gouvènè yo mande pou 40 pousan nan avantaj investisman nan klima ak
enfrastrikti pwòp yo ale nan kominote defavorize yo***

Klike [isit la](#) pou wè lèt la

Gouvènè Kathy Hochul ak nèf lòt Gouvènè jodi a te pibliye yon lèt bay Prezidan Chanm lan, Nancy Pelosi, ak Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, pou rekòmande adopsyon akò ant de pati yo sou enfrastrikti ak yon pwojè lwa odasye sou rekonsilyasyon ki satisfè ijans moman an ak atake kriz klimatik la. Gouvènè a rekòmande Kongrè a pou priyore eleman prensipal Ajanda Rekonstwi Pi Byen Prezidan Biden lan ki pral gen plis enpak sou pwoteje klima a, sa gen ladan pwogram ki sipòte yon rezo san kabòn, elektrifikasyon sistèm transpò a ak investisman nan rezistans kont klima. Gouvènè yo mande tou pou 40 pousan nan avantaj investisman nan klima ak enfrastrikti pwòp yo ki fè pati pake lejislatif sa yo ale nan kominote defavorize yo.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

1 septanm 2021

Chè Prezidan Pelosi ak Lidè Majorite Schumer:

Kòm Gouvènè atravè tout peyi a, nou sipòte byen fèm efò konjwen nou yo pou adopte lejislasyon istorik ki pral kreye plizyè milyon travay, rekonstwi enfrastrikti peyi nou an, amelyore sante piblik la, fè avanse jistis anviwònmanal la ak atake kriz klimatik la.

Chanjman klimatik la ap entansifye ensandi nan forè ki boule nan Lwès, siklòn ki menase Lès ak chalè ekstrèm ki mete moun ak bèt andanje atravè tout peyi a. Kounye a se moman pou aksyon klimatik ki odasye. Dènye rapò Komisyon Entègouvènmanal sou Chanjman Klimatik (Intergovernmental Panel on Climate Change, IPCC) la detaye sa nou deja konnen - fenèt pou anpeche konsekans klimatik irevèsib yo ap fèmen epi nou dwe aji vit ak globalman.

Pandan n ap apwoche 26yèm Konferans Pati yo sou Chanjman Klimatik Nasyonzini yo (COP 26) nan novanm, li obligatwa pou Etazini demontre ke yo pare pou dirije ak rezoud kriz klimatik la. Prezidan Biden te angaje Etazini pou redui degajman gaz a efè de sè yo soti nan 50 pousan rive nan 52 pousan pi ba pase nivo ane 2005 yo anvan 2030. Kapasite Etazini pou atenn objektif sa a chita sou kijan nou reyaji ak chanjman klimatik yo jodi a.

Prezidan Biden pwopoze Ajanda Rekonstwi Pi Byen an pou rekonstwi Etazini nan yon fason ki jis ak ekkitab epi asire ekonomi Etazini an pwospere nan 21yèm syèk la. Li enpòtan pou Kongrè a adopte akò ant de pati sou enfrastrikti ak yon pwojè lwa sou rekonsilyasyon ki odasye ak global pou atenn objektif Ajanda Rekonstwi Pi Byen an. Chak nan eleman ki nan Ajanda Rekonstwi Pi Byen an merite enkli nan yon pake enfrastrikti men, kòm Gouvènè Eta yo ki nan premye liy kriz klimatik la, nou mete yon anfas patikilye pou pake konbine a gen ladan aksyon ki pi efikas yo pou pwoteje klima nou an:

- Rezo San Kabòn: Yon Pwogram Pèfòmans sou Elektrisite Pwòp, ekspansyon kredi fiskal pou jenerasyon ak estokaj enèji pwòp, epi finansman pou transmisyon elektrisite ki nouvo ak amelyore.
- Elektrifikasyon transpò: Kredi fiskal pou fabrike veyikil zewo emisyon; ankourajman pou konsomatè yo, espesyalman konsomatè ki gen revni ba yo, pou achte veyikil zewo emisyon; finansman pou enfrastrikti zewo emisyon; ak eliminasyon obstak legal pou enpoze dwa pasaj federal.
- Rediksyon Degajman Metàn: Finansman pou bouche pwi òfelen ak adopsyon yon frè polyè metàn pou evakyasyon oswa konbisyon metàn an eksè.
- Agrikilti Entèlijan pou Klima: Envestisman nan agrikilti entèlijan pou klima ak pwogram jesyon forè pou kiltivatè ak kominote riral yo.
- Rezistans Kont Klima: Envestisman nan pwoteksyon pou kominote ak enfrastrikti transpò kont enpak chanjman klimatik, ansanm ak bon finansman pou yon nouvo Kò Sivil pou Klima.
- Ankourajman pou Netwaye Bilding: Nouvo rabè pou konsomatè pou elektrifikasyon ak entanperizasyon kay.
- Akseleratè Enèji Pwòp ak Dirabilite: Etabli yon akseleratè pou mobilize investisman prive nan resous enèji distribye yo; renovasyon bilding rezidansyèl, komèsyal ak minispal; epi transpò pwòp.

Nou mande tou, ak tout respè, pou nenpòt pake enfrastrikti asire 40 pousan nan avantaj investisman nan klima ak enfrastrikti pwòp yo ale nan kominote defavorize yo epi investi nan kominote riral ak kominote tranzisyon nan enèji pwòp sou mache a afekte. Nou kontan pou nou rekonstwi pi byen avèk nou tou de epi nou angaje nan pran mezi pou fè avanse ajanda enpòtan sa a.

Kòdyalman,

Gouvènè Kathy Hochul, New York
Gouvènè Gavin Newsom, California

Gouvènè Ned Lamont, Connecticut
Gouvènè David Ige, Hawaii
Gouvènè Janet Mills, Maine
Gouvènè Steve Sisolak, Nevada
Gouvènè Kate Brown, Oregon
Gouvènè Tom Wolf, Pennsylvania
Gouvènè Dan McKee, Rhode Island
Gouvènè Jay Inslee, Washington

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)